# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

## Milliy ideya. Ruwqıylıq tiykarları

### ИНСАН ҚӘДИРИ – УЛЛЫ ҚӘДИРИЯТ

**Б.Алланазарова** – *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** индивид, инсон, шахс, жамият, маьнавийлик, омиллар, умуминсоний, қадирият, фалсафа,билим.
**Ключевые слова:** индивид, человек, личность, общество, духовность, факторы, общечеловеческий, ценность, философия, знание.
**Key words:** individual, person, personality, society, spirituality, factors, humanistis, value, philosophy, knowledge.

Инсан-дүньяның ең бийбаҳа байлығы, барлық қайырлы іслер оның мийнетиниң жемиси. Сонлықтан да, оның жәмийеттеги орны, инсаный пазыйлетлери ҳаққындағы мәселелер усы күнге дейин философлардың дыққат орайында киятыр.

Тоталитар дүзимде инсан ҳәм оның ҳуқықы, руўхый қәдириятлары екинши дәрежеге айланған еди. Бүгинги күнде ғәрезсизлик нәтийжесинде инсан оның мәплери, ҳуқық ҳәм еркинликлери ең жоқары қәдирият деп жәрияланды. Жаңа турмыс, жаңа жәмийет қурыў мәселесинде оны изертлеў әҳмийетли ўазыйпаға айланды.

Бүгин дүньяда кең жайылған экзистенциализм, фрейдизм сыяқлы философиялық системалар, инсан шахсы, оның ой-кеширмелерин философиялық анализлеў орайына қойыўы менен ажыралып турады. Бирақ, бизиң мақсетимиз бүгинги күн Евродағы философиялық бәсекелерди анализлеў емес. Ал, миллий мәнаўиятымыз тийкарында адам қәдири ҳаққында ой жүритпекшимиз.

Алла барлық инсанларды жер жүзи халифасы етип жаратты. Бул инсанға үлкен жуўапкершилик жүклейди. И.А.Кәримов «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» китабында Инсанға тәрип берип, онда: «Инсан-өз тымсалында ҳәм материаллық ҳәм руўхый қәсийетлерди жәмлеген, Жаратқанның уллы ҳәм сырлы әжайыбаты. Соның ушын да оның ишки дүньясы, оған берилген пазыйлетти түсиниўдиң өзи қыйын мәселе...» [1:67].

Ҳақыйқатында да, адамның инсанға, индивидтиң кисиге, кисиниң шахсқа жетилисиўи ушын тийкарғы фактор руўхый қәдириятлар болып есапланады. Қәдириятлардың улыўма инсаныйлық, миллий қәдириятлар болып бөлинетуғыны анық. Улыўма инсаныйлық қәдириятлар демократия, инсан ҳуқықлары, плюрализм ҳәм тағы басқа сол сыяқлы баҳалылықларды қәстерлеп, оларды адамзаттың раўажланыўының тийкарғы факторлары екенлигин көрсетсе, миллий қәдириятлар материаллық ҳәм руўхыйлық болып екиге бөлинип, материаллық қәдириятлар жәмийеттиң жетилисиўине, адамзаттың пәраўанлығына хызмет етсе, өндириўши күшлерди раўажландырыўдың жеделлестириўшиси болған, руўхый қәдриятлар адамлардың өзиниң ҳәр тәреплеме жетилисиўине, тыныш-татыў жасаўына, абырай-мәртебесин сақлаўға тәрбиялаған.

Ис жүзинде адамлар кекселикке, шахсқа айланыўы ушын оларға көрегенлик ҳәм олардың қәдириятларға қатнасында билимлилик керек. Миллеттиң ҳәм инсаниятның қәдириятларын терең билмеген адам жәмийетте абырай, мәртебеге ийе бола алмайды. Демек, қәдириятлар – инсанның руўхый жетилисиўиниң әҳмийетли факторы. Қәдириятларға бойсыныў инсанның билимге уқыплылығын ҳәм әмелий имканиятын кеңейтип, тереңлестирип баратуғынын көрсетеди.

Қәдириятлар инсанды мәнәўий жетикликке жетелейди. Себеби, олар адамларды инсанпәрўарлық, демократия, социаллық әдалатлық идеялары менен безейди. Миллеттиң ғәрезсизлигин ардақлайды, дослыққа, аўызбиршиликке, бирге ислесиўге, дәртлесликке шақырады. Ҳәмме елде тынышлық, татыўлықтың қарар табыўына, адамның адамға қатнасындағы мәлҳәмликти, меҳрибанлықты тәрийиплейди.

Өзбекстан шараятында халықлардың жәмәәт болып жасаў туйғысы, жасы үлкенлерди сыйлаўшылық, ақ сақаллықтың қәўмети жүдә үлкен әҳмийетли қәдирият болып, адамларды бир-бирине жақынластырыўға, қоллап-қуўатлап турмыс кешириўге қолайлы тийкар береди. Бул басқаларға уқсамайтуғын мың жыллар даўамында қәлиплескен өз ара байланыс инсанлар өмириниң үзилмес бир бөлеги ретинде қәдирли. Бул бизиң халқымыздың ҳәр бир инсанның тек өзиниң жеке параўанлығын ойлаў емес, ал шаңарағына, ағайин-туўысқанларына, қоңсы-қобаларына олардың аманлық-есенлиги ҳаққында ғамқорлығына биринши орын берилгенлигин көрсетип, оны инсан қәлбиниң гәўҳары сыяқлы безейди [2:18].

Улыўма қәдириятлар инсан турмысында жүдә әҳмийетли орынды ийелейди. Себеби, ол арқалы адам санасында тек ҳәзирги пайытта емес, ал өтмиште пайда болған нәтийжелер, ўақыялар, пикирлер көринеди. Қәдириятта топланған тәжирийбе, билимлер адамның өмири даўамында қолланылады. Соның арқасында инсан жағымлы ҳәм жағымсыз тәжирийбелерден ибратлы жуўмақлар шығарып, өзиниң қәнигелигин қәлиплестиреди.

Уллы данышпан Рудакий: «инсан қәлбине азар бериў-Қуранды өртеўден ҳәм Мәккаға от қойыўдан да жаманырақ гүна» - деп баҳалаған. Инсан қәдири пулға сатылмайтуғын ҳәм таптырмайтуғын, сийрек адамгершилик қәсийетлеринен есапланады.

Инсанның қәдир-қымбатын жерге урыў, абырайын түсириў жынаят есапланады. Себеби, инсанның абырайын сақлаў, яғный ҳақыйқый инсан болып қалыўын умтылыў – бул пүткил инсанияят улығлайтуғын пазыйлет. Бундай пазыйлет ийесин кемситиў пүткил инсаниятқа қарсы жынаят ислеў менен барабар. Соның ушын инсанлар менен қатнаста ол ким болыўына қарамастан, оны ҳүрметлеў улыўма инсаный қәдириятлардың тийкарын қурайды.

Қәдир-қымбат инсанды ең бийикке көтереди, оның дөретиўшилигине, барлық умтылысларына жоқары мәртебе бағышлайды.

Инсан өзиниң ойлап табыўшылығы, даналығы, мийнети менен тәбият ҳәм жәмийетти өз мүтәжликлери жолында өзгертеди. Уллы ойшыл Әлишер Наўайы дүньяда инсаннан уллырақ жетиклик жоқ, себеби оған «бийбаҳа дүр» - ақыл, зәкаўат күши инам етилгенлиги, онда «сыр, тилсимлерди ҳәм жоқары шоққыларды билиў қәбилети» болып, оның көмегинде инсан «уллы

жеңислерге ериседи». Демек, Әлишер Наўайы бабамыздан инсанның қәдир-қымбатын оның байлығы, мал-мүлки, әмели, социаллық келип шығыўы менен емес, ал оның мәнаўий көриниси, әдеп-икрамлық сыпатлары, елге қаншелли пайдасы тийиўи менен белгиленеди, дейди.

Материаллық ҳәм мәнаўий, социаллық-сиясий, миллий ҳәм улыўма инсаный қәдириятлардың факторы болған инсанның өзи ең жоқары қәдирият болып есапланады. Қәдириятлар инсанлар ортасында өз ара қатнаста ҳәм шахстың өз қулқын тәртипке салыўда унамлы хызмет атқарады. Өз қәдирин аңлаў шахстың өзине қарата қойылған талапшаңлығында көринеди. Ҳәр бир инсан ең дәслеп өзин өзи ҳүрмет етиўи, қәдир-қымбаты, ар-намысына дақ түсирмеслиги лазым. Өзиниң қәдирине жетиў, ар-намысын сақлай билиў – ең әҳмийетли инсаный пазыйлет болып есапланады. Өз иззет-ҳүрметин билмей турып, мәнаўий байлыққа ерисиў, елде қәдир-қымбат табыўды көз алдына келтириў қыйын. Өзин ҳүрмет қылмаған киси өзгелерди де қәдирлей алмайды.

Әлемниң безеги болған инсан жасаған өмирде ғана емес, әлемнен өткеннен кейин де муқаддес ҳәм әзиз болып қала береди.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Юксак маънавият-енгилмас куч. -Т.: 2008. 67-б.
2. Каримов И.А. Асарлар. 4-жилд. -Т.: 1996. 80-б.
3. Базарбаев Ж. Өзликти аңлаў - мәнаўият өзеги. –Нөкис: 2016.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур илмий мақолада инсон қадр-қиммати, инсоннинг жамиятдаги ўрни, инсоний фазилатлари ҳақидаги масалалар, Европа фалсафасидаги инсон ва жамият ҳақидаги қарашлар, таъсир омиллари ҳақидаги масалалар сўз қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматриваются ценность и место личности в обществе. Также приводятся мировоззрения западной философии о воздействующих факторах становления индивида в личности.

**SUMMARY**

In the scientific article is considered the value and role of personality in the society. There are points of view of west philosophy about the impact factors of individuality in a personality.


## АҚЫЛДЫҢ АДАМ ТУРМЫСЫНДАҒЫ ӘҲМИЙЕТИ


**Г.Джамилова** - *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** ақл, инсон, эътибор, бахт, туғма ақл, муҳтасиб, баркамол шахс.

**Ключевые слова:** разум, человек, внимание, счастье, ум, самородок, всесторонне развитая личность.

**Key words:** mind, man, attention, happiness, wit, nugget, comprehensive developed personality.


Ақыл - адамзаттың раўажланыўының жемиси, тәрбияның туўындысы, билимниң нәтийжеси. Ол инсанның жолдасы, табысы ҳәм бахтына жеткеретуғын дәрўазаның гилти. Оның әҳмийетин халық ертеден-ақ түсинген [1]. Адамларды ҳайўанлардан ажырататуғын нәрсе оның ақыл-парасаты. Биреўлер ҳийлекерди де ақыллы дейди, бирақ ҳийле ҳайўанда да бар, ақыл тек адамда. Инсан ақылы менен сезим-туйғыларын, алынған хабарларды тәртипке келтиреди олардың шын яки жалған екенин анықлайды.

Өтмиште халық ҳәмме ўақыт ақыл тәрбиясына үлкен итибар берген ҳәм ақыллы болыўға шақырған.

Адам қалай ақыллы болады?! Ҳаким Улықпанның нәсиятларында: Егер ақыллы болғың келсе, ҳикмет үйренгил, ақыл ҳикмет пенен ержетип өседи. Аристотель данышпаннан: «Ақылдың күши неден ибарат?» деп сорапты. Данышпан: «Бәрше адамның күши-аўқаттандур, ақылдың күши болса-ҳикметдендур» - деп жуўап берипти [2].

Ақылдың күшине исенбеў - ақылсызлықтың белгиси. «Ақыл-ойды байытыўға ҳәрекет қыл. Өйткени, ол мал-дүнья байлығынан абзалырақ. Себеби, ақыл-ой менен байлықты қолға топлаў мүмкин. Ал, байлық пенен ақыл табаалмайсаң. Ақылды жетилистириў ушын ядлап алыў емес, көбирек пикир жүритиў керек» дейди Р.Декарт.

Кайқаўыстың «Қабуснама» китабында ақыллылыққа үлкен итибар береди. Ол ақылдың өзин де екиге бөлип қарайды.

1. Туўма ақыл. Бундай ақыл әзелден Аллатаала тәрепинен сый сыпатында бериледи. Оны ҳәр бир адам өзинше жетилдирип барыўы керек.
2. Муқтасип-яки болмаса қосымша ақыл. Бул ақыл илимий китаплар ҳәм турмыс тәжирийбелери арқалы жүзеге келеди. Усы екеўин бириктире алған адам ғана ҳақыйқый ақыллы адам болып есапланады: «Егер қудай саған әзелий (тәбийий) ақылды берген болса, сен қосымша ақылды үйренип алыў ушын мийнет ет. Сонда ғана сен бәрше халық арасында әжайып ҳәм әзиз адам боласаң … Атаң болса атаңнан үйрен. Болмаса бул бағдарда анадан әзиз адам жоқдур».

Ҳинд халқының әжайып естеликлериниң бири бизиң әсиримизде III-IV әсирде пайда болған. Бул философ Бейдабо тәрепинен Ҳинд патшасы Дабшалимге жазып тапсырылған «Халила ҳәм Димна» китабы. Ҳинд патшалары бул китапты «ақылдың гилти» деп атаған. Себеби, парасатлы адамлар оннан жүдә терең ибратлы гаўҳарларды тапқандай болады. Бул Қытай философы ушын үлкен кеңлик, ақыл, қанаат ҳәм адалат, илим ийелеў, саўат ашыў ҳәр нәрсени түсиниўге жәрдемлеседи. Бул даналық тәжирийбеде сынап сабырлылық пенен ис алып барыў жүрген жолынан адаспаў-ақыллылық, өзиниң ҳал-жағдайына қарап ҳәрекет қылыў-қанаатлылық, туўры сөз- сөйлеп, өзинде өзгени де қутқара алыў ҳәр бир адамлар жағдайларын туўры сезиў – әдалат, деп түсиндиреди.

Ақыл - инсан ушын ойлаў, пикирлеў, аңлаў ҳәм еслеў, жуўмақ шығарыў имканиятын беретуғын қәбилет, сийрек руўхый қубылыс.

Ақылдың қарсысы - наданлық. Данышпанлардан бири былай дейди: «Адамда ақыл қаншелли жетиспесе, онда даңқпаразлық соншелли күшейеди» - деген еди. Улыўма, наданлық тек адамға ғана емес, жәмийетке де зыянын тийгизетуғынын айтады [3]. Бабаларымыз: ақыллы адам «әдеплилик пенен сөйлейди, биреў жаманлық етсе оған қайтып жаманлық ислеўди өзине раўа көрмейди. Сөйлегенде халыққа пайдалы сөзди айтады» - деп үйретип, сондай болыўды жастан санаға сиңдириў ўазыйпа етип белгиленген. Халық ақыллылықты наданлыққа қарсы қойған. Ол ақыллылық адамды жасартады, наданлық адамды қақсатады деп үйретип ҳәм оның мысалларын халық турмысынан көплеп келтирген.

Адамлар ақыллы болыўы ушын илимди ийелеўи керек. Күнниң жер жүзин жақтыртқаны ҳәм әлемге мәңги өмир бағышлағаны сыяқлы, илим де жүректи нур менен жақтыртады, кеўилди өсиреди, тәжирийбени асырады. Билим менен адам жоқарылайды, билим